

# Koupon

## Pwogram Chwa Lojman

Depatman Lojman  
ak Devlopman Iben Etazini  
Biwo Lojman Piblik ak Endyen

OMB Nimewo 2577-0169  
(Ekspirasyon 04/30/2018)

Rapò piblik sou travay pou koleksyon enfòmasyon sa a estime li ap pran anviwon 0.05 èdtan pa repons, epi tan pou revize endikasyon yo, chèche sous done ki egziste deja, sanble ak jere enfòmasyon ki nesese, ak ranpli epi revize enfòmasyon ki te kolekte yo ladan. Ajans sa a pa ka fè oswa patwone, epi yon moun pa oblije reponn, yon koleksyon enfòmasyon amwenske li montre yon nimewo kontwòl OMB ki valid nan moman an.

Yo pa bay asirans konfidansyalite anba koleksyon sa a. Koleksyon enfòmasyon sa a gen otorizasyon anba Seksyon 8 Lwa sou Lojman Etazini ane 1937 (42 USC 1437f). Yo itilize enfòmasyon an pou otorize yon fanmi pou yo chèche yon apatman ki kalifye epi ki presize gwochè inite a. Enfòmasyon an endike tou obligasyon fanmi an anba Pwogram Koupon Chwa Lojman an.

**Deklarasyon Konsènan Lwa sou Konfidansyalite.** Depatman Lojman ak Devlopman Iben (HUD) gen otorizasyon pou kolekte enfòmasyon ki obligatwa sou fòm sa a nan Seksyon 8 Lwa sou Lojman Etazini ane 1937 (42 USC 1437f). Li obligatwa pou kolekte non moun nan fanmi an. Yo itilize enfòmasyon an pou otorize yon fanmi pou yo chèche yon apatman ki kalifye epi ki presize gwochè inite a. Enfòmasyon an endike tou obligasyon fanmi an anba Pwogram Koupon Chwa Lojman an. HUD ka pataje enfòmasyon sa yo ak ajans Federal, eta ak lokal lè li enpòtan pou mennen ankèt sivil, kriminel, oswa regilasyon ak pouswit jidisyè. Yo pa pral pataje li pou okenn lòt rezon deyò HUD, sof pou lè lalwa pèmèt oswa egzije sa. Si ou pa bay nenpòt nan enfòmasyon yo, ka gen yon reta pou w jwenn bon fanmi an oswa yo ka refize ba ou li.

Tanpri, li <b>tout</b> dokiman an nèt anvan ou ranpli fòm nan Ranpli tout espas vid ki anba a. Tape oswa ekri byen klè		Nimewo Koupon
1. Mete <b>gwochè apatman</b> an selon kantite chanm yo. (Sa a se kantite chanm a kouche Fanmi an kalifye pou yo, epi yo sèvi ak li pou detèmine kantite asistans pou peye pwopriyete a pou Fanmi an.)		1. Gwochè Apatman an
2. <b>Dat yo bay Koupon an (mwa/jou/ane)</b> Mete vrè dat yo bay fanmi a Koupon an.		2. Dat yo te Bay li a (mwa/jou/ane)
3. <b>Date Koupon an ekspire (mwa/jou/ane)</b> Mete dat swasant jou apre dat yo bay li a. (Gade Seksyon 6 fòm sa a.)		3. Dat ekspirasyon (mwa/jou/ane)
4. <b>Dat Pwolongasyon an Ekspire</b> (si li aplikab) (mwa/jou/ane) (Gade Seksyon 6. nan fòm sa a)		4. Dat Pwolongasyon an Ekspire (mwa/jou/ane)
5. Non Reprezantan Fanmi an	6. Siyati Reprezantan Fanmi an	Dat Siyati a (mwa/jou/ane)

7. Non Ajans Lojman Piblik (PHA) la

8. Non ak Tit Ofisyè  
PHA a.

9. Siyati Ofisyèl PHA a.

Dat Siyati a (mwa/jou/ane)

### 1. Pwogram Chwa Lojman

A Ajans lojman piblik (PHA) a te detèmine fanmi non li anwo a (atik 5) kalifye pou patisipe nan pwogram koupon chwa lojman an. Nan pwogram sa a, fanmi an ap chwazi yon apatman ki gen sekirite pou li viv. Si pwopriyete kay la a dakò pou lwe apatman an bay fanmi an anba pwogram koupon lojman an, epi si PHA a apwouve apatman an, PHA a pral siyen yon kontra asistans lojman (HAP) avèk pwopriyete kay la pou fè peman chak mwa bay pwopriyete a pou ede fanmi an peye lwaye a.

B. PHA a detèmine kantite lajan peman asistans lojman chak mwa pou peye pwopriyete a. Anjeneral, peman asistans lojman pa mwa PHA peye a se diferans ki genyen ant estanda peman an ak 30 pousan revni ajiste chak mwa fanmi an. Pou detèmine premye peman asistans lojman maksimòm pou fanmi an, PHA a pral itilize peman estanda ki an efè nan dat PHA apwouve lokasyon an. Fanmi an ka chwazi lwe yon apatman pou plis pase peman estanda a, men koupon sa a p ap chanje kantite asistans PHA a. Yo pral detèmine vrè peman asistans PHA a ak lwaye avan dediksyon pou apatman fanmi an chwazi a.

### 2. Koupon

A Lè yo bay koupon sa a PHA atann pou fanmi an jwenn yon apatman y ap apwouve, PHA a pral mete lajan an disponib pou siyen yon kontra HAP ak pwopriyete kay la. Sepandan, PHA a pa gen okenn obligasyon ak fanmi an, ak okenn pwopriyete, oswa okenn lòt moun, pou apwouve lokasyon an. PHA pa gen okenn responsablite anvè okenn moun avèk koupon sa a yo bay la.

B. Koupon sa a pa bay fanmi an okenn dwa pou patisipe nan pwogram koupon chwa pou lojman PHA a. Fanmi an vin yon patisipan nan pwogram koupon chwa pou lojman PHA a lè kontra HAP ant PHA ak pwopriyete a kòmanse.

C. Pandan premye peryòd la oswa si gen nenpòt pwolongasyon nan dire koupon sa a, PHA a ka mande pou fanmi an bay pwogrè pou lwe yon apatman pandan peryòd ak tan PHA detèmine yo.

### 3. PHA Otorize oswa Pa Otorize Apatman oswa Kontwa Lwaye

A. Lè fanmi an jwenn yon apatman ki apwopriye kote pwopriyetè kay la vle patisipe nan pwogram lan, fanmi an dwe bay PHA demann lan pou otorize lokasyon an (sou yon fòm PHA a bay), pwopriyetè kay la ak fanmi an siyen, ak yon kopi kontra lwaye a, ki gen adandòm lokasyon HUD preskri ladan. **Remak: Yo fèt pou bay PHA a toude dokiman yo avan dat ekspirasyon ki endike nan atik 3 oswa 4 sou tèt paj en kupon sa a.**

Fanmi an dwe soumèt dokiman sa yo selon fason PHA egzije sa. Politik PHA ka yo entèdi fanmi an soumèt plis pase yon demann pou otorizasyon lokasyon alafwa.

- B. Kontra lwaye a fèt pou genyen , mo-pou-mo, tout dispozisyon adandòm lokasyon an HUD egzije epi PHA a bay. Pou fè sa y ap ajoute adandòm lokasyon HUD nan kontra lwaye pwopriyetè a itilize. Si gen yon diferans ant dispozisyon adandòm lokasyon HUD yo ak nenpòt pwovizyon nan kontra lwaye pwopriyetè a, se dispozisyon adandòm lokasyon HUD yo k ap kontwole.
- D. Apre li fin resevwa demann pou otorizasyon lokasyon ak yon kopi kontra lwaye a, PHA a pral enspekte apatman an. PHA a gendwa pa bay fanmi an otorizasyon pou lwe apatman an oswa siyen kontra HAP a toutotan PHA a poko detèmine yo te satisfè kont kondisyon pwogram nan: apatman an kalifye, PHA te enspekte apatman an epi li te pase estanda kalite lojman (HQS) la, pri lwaye a rezonab, epi pwopriyetè kay la ak lokatè a te siyen kontra a, ak adandòm lokasyon HUD te preskri a ladan.
- E. Si PHA a apwouve apatman an, PHA a ap di fanmi an ak pwopriyetè kay la sa, epi li pral bay de kopi kontra HAP a bay pwopriyetè a.
1. Pwopriyetè kay la ak fanmi an dwe siyen kontra lwaye a.
  2. Pwopriyetè kay la dwe siyen de kopi kontra HAP la tou epi li dwe bay PHA a yon kopi kontra lwaye yo te siyen an ak de kopi kontra HAP yo te siyen an.
  3. PHA a pral siyen kontra HAP a epi remèt yon yon kopi kontra siyen an bay pwopriyetè a.
- F. Si PHA a detèmine apatman an oswa oswa kontra lwaye a pa apwouve pou nenpòt ki rezon, PHA a ap di pwopriyetè a ak fanmi an:
1. Yo pa apwouve apatman ki pwopoze a oswa kontra lwaye a pou rezon espesifik, ak
  2. Si yo regle kondisyon ki nesèsè yo epi PHA a satisfè nan dat PHA a presize a oswa avan an, y ap apwouve apatman oswa kontra lwaye a.

### 4. Obligasyon Fanmi an

A. Lè yo apwouve apatman pou fanmi an epi yo siyen kontra HAP, fanmi an dwe swiv règ yo ki endike anba a pou yo kapab kontinye patisipe nan pwogram kupon chwa lojman an.

B. Fanmi an dwe:

1. Bay tout enfòmasyon PHA oswa HUD detèmine nesèsè, tankou prèv sou sitwayènte oswa kondisyon ak imigrasyon ki kalifye, ak enfòmasyon pou itilize nan re-evalyasyon ki te regilyèman pwograme oswa oswa yon re-evalyasyon pwovizwa sou revni fanmi an ak kantite moun nan fanmi an.
2. Bay epi verifye nimewo sekirite sosyal yo epi siyen epi soumèt fòm konsantman pou jwenn enfòmasyon yo.
3. Bay enfòmasyon PHA a mande pou verifye fanmi an ap viv nan apatman an oswa enfòmasyon ki gen rapò ak absans fanmi an nan apatman an.
4. Mete PHA a okouran touswit lè fanmi an lwen apatman an pandan anpil tan selon egzijans PHA a.
5. Kite PHA a enspekte apatman an nan moman ki rezonab epi apre avi ki rezonab.
6. Mete PHA a ak pwopriyetè a okouran alekri avan yo kite apatman an oswa anile kontra lwaye a.
7. Fanmi an itilize apatman ki jwenn asistans la kòm kay yo abite. Apatman an dwe sèl adrès kay kote fanmi an abite.
8. Mete PHA a okouran alekri touswit si gen yon nouvo timoun yo akouche, adopte, oswa tribinal bay gad yon timoun.
9. Mande otorizasyon alekri PHA pou ajoute nenpòt lòt fanmi kòm yon moun ki abite nan apatman an.
10. Mete PHA a okouran si nenpòt moun nan fanmi an pa rete nan apatman an ankò. Bay PHA a yon kopi avi pwopriyetè a bay pou mete li deyò.
11. Peye bòdwo sèvis piblik yo epi bay ak fè antretyen

C. Tout enfòmasyon fanmi an bay yo dwe vrè ak konplè

D. Fanmi an (ki se tout moun nan fanmi an) pa dwe:

1. Genyen nenpòt enterè nan apatman an (ki pa nan yon koperativ, oswa pwopriyetè yon kay espas kay fabrike kontra lwaye kay fabrike).
2. Fè nenpòt vyolasyon ki grav oswa vyolasyon ki repete nan kontra lwaye a.
3. Fè fwod, koripsyon oswa nenpòt lòt zak kowonpi oswa kriminèl anrapò avèk pwogram nan.
4. Patisipe nan aktivite kriminèl ki gen pou wè ak dwòg, aktivite kriminèl vyolan, lòt aktivite kriminèl, oswa itilizasyon alkòl ki menase sante, sekirite, oswa dwa jwisans lòt rezidan yo lapè oswa moun k ap viv toupre a.
5. Lwe yon lòt moun apatman an oswa kite apatman an oswa transfere li bay yon lòt moun.

6. Resevwa asistans lojman pwogram kupon chwa lojman an pandan w ap resevwa yon lòt sibvansyon pou lojman pou menm apatman an oswa pou yon apatman diferan anba lòt pwogram asistans lojman
7. Federal, Eta, oswa lokal.  
Fè domaj nan apatman an oswa nan lokal la (ki diferan avèk degradasyon nòmal la) oswa kite nenpòt envite
8. domaje apatman an oswa lokal la.  
Resevwa asistans lojman nan pwogram asistans lojman pandan l ap viv nan yon apatman ki se pwopriyete yon paran, pitit, granparan, pitit pitit, sè oswa yon frè nenpòt fanmi, sòf si PHA a te detèmine epi li te mete pwopriyete a ak fanmi an okouran detèminasyon sa yo) si yo apwouve lokasyon apatman an, san gade sou relasyon sa a, yo t ap bay yon aranjman rezonab pou yon fanmi ki gen yon andikap.
9. Abize alkòl yon fason ki menase sante, sekirite, oswa dwa jwisans lòt rezidan yo lapè oswa moun k ap viv toupre a.  
vwazinay

## 5. Diskriminasyon Ilegal

Si fanmi an gen rezon pou kwè, nan rechèch lojman ki apwopriye, yo te viktim diskriminasyon akòz ras yo, koulè yo, kwayans yo, relijyon yo, sèks yo, andikap yo, peyi kote yo soti, oswa sitiyoasyon famiyal fanmi ou, fanmi an ka depoze yon plent kont diskriminasyon nan lojman ak nenpòt Biwo Lokal HUD an pèsòn, pa lapòs, oswa nan telefòn. PHA a pral bay fanmi an enfòmasyon sou fason pou ranpli epi depoze yon plent.

## 6. Ekspirasyon ak Pwolongasyon Koupon an

Koupon an ap ekspire nan dat ki endike nan atik 3 sou tèt paj en nan koupon sa a sòf si fanmi an mande yon pwolongasyon alekri epi PHA a bay yon pwolongasyon alekri pou koupon an kote koupon an pral ekspire nan dat ki endike nan atik 4 la. Ak jijman pa li, PHA a ka akòde yon demann fanmi pou youn oswa plis pwolongasyon pou premye koupon an.